

Sijè: Konsèy Jistis Anviwònman an – An-Pèsòn ak yon Reyinyon Piblik ki Vitinyon Piblik ki Vityèl – 21 Out, 2025

Chè Moun ki An Chèf Jistis Anviwonnman an,

Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònman (EEA) a ap konvoke Konsèy Jistis Anviwònman an (EJC) nan pwochen reyinyon li a nan dat **21 Out 21, 2025 a 6:30 pm (EST)**. Manm konsey yo pral gen pou pale sou Lwa Ready Massachusetts la (Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal yo). Y ap rezève yon pòsyon nan reyinyon an pou piblik la fè kòmantè jeneral.

Tanpri, itilize lyen sa a pou w ka anrejistre pou reyinyon an:

https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_M-WdKhURQ-aEgMWpWjijSw

Lojistik yo. Reyinyon ibrid sa a pral fèt ni vityèlman/sou entènèt atravè Zoom epi ni an pèsòn nan lekòl Drury High School nan North Adams. Reyinyon an ap dire anviwon 90 minit. Adrès la se 1130 Church St, North Adams, MA 01247 epi ou ka rive nan bilding lan lè w pran liy otobis 1 ak 34 yo. Estasyon otobis ki pi pre a se nan North Adams Walmart la. Gen pakin ki disponib nan pakin Drury High School la.

Sipò Entèpretasyon. Entèpretasyon vityèl yo ap enkli lang Espanyòl, Pòtigè, Mandarin, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen, ak Lang Siy Ameriken (ASL). Si ou bezwen entèpretasyon nan yon lang espesifik, oswa kèlkeswa lòt aranjman espesyal ou ta vle, tanpri fè demann sa a nan yon imèl voye bay meetings@erg.com. Ou dwe voye demann yo ale 48 èdtan avan lè reyinyon an ap kòmanse a.

Pou jwenn enfòmasyon sa a an gwo karaktè an Anglè oubyen an karaktè Braille, rele 1-877-623-6765. TTY: 1877-623-7773.

Lwa Reyinyon ki Piblik sa a. Konsèy EJ a fonksyone an fonksyon de lwa Reyinyon ki Piblik la [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] epi li akeyi manm piblik la ki vle obsève reyinyon fòmèl li yo. Pandan reyinyon an, yon obsèvatè ka adrese yon kòmantè oswa yon kesyon bay Konsèy EJ la avèk pèmisyon Prezidan an.

Plis Enfòmasyon Sou EJC a: Gouvènè a nonmen EJC pou konseye epi bay Sekretè EEA a rekòmandasyon sou règleman ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistis anviwònman an. Lalwa leta a defini prensip sa yo kòm "prensip ki sipòte pwoteksyon kont polisyon anviwònmantal ak kapasite pou viv epi jwi yon anviwònman ki pwòp e ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, kòb ou rantre, klas sosyal, andikap, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans relijye oswa konpetans ou nan lang Anglè, sa ki enkli: (i) patisipasyon enpòtan tout moun anrapò ak devlopman, aplikasyon ak aplikasyon lwa, règleman ak règleman anviwònman yo, sa ki enkli règleman sou chanjman klimatik; ak (ii) distribisyon ekitab benefis enèji ak anviwònman yo ak chay anviwònman yo." Lalwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a: [<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn enfòmasyon anplis sou EJC a, ajanda reyinyon k ap gen pou fèt yo, ak anrejistreman reyinyon ki fèt deja yo isit la.: <https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council>. Tanpri, klike “Select Language” (Seleksyone Lang) ki sou anlè tèt paj la sou bò dwat la pou w tradui paj la.

Mèsi,

María Belén Power

Sou-Sekretè Jistis & Ekite Anviwònmantal

Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònmantal